

# **BAB I BUBUKA**

## **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Jaman kiwari tingkah laku budak téh geus aya nu ngagesér. Sakumaha nu ditétélakeun ku Unayah dan Sabarisman (2015, kc. 1) yén tingkah laku budak nu asalna biasa waé, ayeuna geus matak pikahariwangeun masarakat alatan geus ngarambah kana segi-segi kriminal nu sacara yuridis ngalanggar katangtuan-katangtuan hukum pidana.

Robahna tingkah laku budak téh aya sabab nu ngabalukarkeuna. Ceuk Ernalis (2013, kc. 1) salah sahijina faktor nya éta lingkungan, bisa ditingali dina karakter bangsa nu beuki dieu téh beuki ruksak. Karakter bangsa nu kurang hadé salila ieu ceuk Ernalis téh dilantarankeun ku faktor lingkungan nu geus campur jeung budaya korupsi, kolusi, nepotisme sarta leungitna budaya kaéra, anu hal éta téh ngabalukarkeun budak ayeuna miboga méntal nu kurang hadé. Ceuk Ernalis kénéh faktor lingkungan mangaruhan pisan kana robahna paripolah budak nu keur néangan jati diri pikeun ngahontal kahayangna.

Kajadian nu aya di luhur téh bisa dipangaruhan ku aspék-aspék sosial nu dialaman ku jalmana dina prosés transisi kahirupanana. Aspék sosial nurutkeun Anwar (2012, kc. 12) nya éta sawangan tina kanyaataan anu dipatalikeun jeung kahirupan sapopoé, kaayaan, kajadian, jeung prosés. Erikson dina John Scott (2012, kc. 206) nétélakeun yén sakabéh individu ngalaman situasi parobahan hirup nu sarua jeung sacara périodikna ngadorong pikeun ngawangun idéntitas dirina. Ku lantaran karakter hiji budak dipangaruhan ku faktor lingkungan, ku kituna faktor lingkungan kulawarga jadi faktor nu mimiti mangaruhan. Pangna kitu téh kulawarga mangrupa kelompok sosial nu munggaran dina méré conto paripolah nu hadé sangkan bisa dijadikeun budaya dina kahirupan sapopoé éta budak. Salian tina faktor kulawarga, aya ogé faktor nu sején nya éta faktor lingkungan babaturanana, faktor lingkungan sakola, jeung faktor lingkungan masarakat nu silih pakait dina ngadorong méntal, rasa, jeung ngawangun deui idéntitas dirina.

Dina hal karya sastra mah, hal-hal anu aya di luhur téh biasana sok dicaritakeun deui ngaliwatan hiji carita nu geus dibungkus dina wangun karya sastra. Nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 14) sastra minangka karya seni tangtu baé

jadi ciri idéntitas sastra, salian ti idéntitas studi. Karya sastra mangrupa karya seni ogé alat komunikasi antara seniman jeung publik atawa pamaca. Karya sastra jadi saluran seniman pikeun nepikeun maksud-maksud nu hayang ditepikeunana atawa sababaraha pesen ngaliwatan kodeu-kodeu dina karya sastra. Patalina jeung dunya budak mah, sastra bisa dijadikeun salah sahiji média pikeun ngajarkeun jeung méré pangaweruh kusabab budak jeung caritaan mah patalina téh rakeut pisan teu bisa dipisahkeun. Dina hakékatna budak téh resep kana caritaan (karya sastra) kusabab bisa mekarkeun kamampuh budak dina prosés imajinasina, intéléktualna, émosina sarta diajar ngaidéntifikasi dirina sorangan (Kurniawan, 2013, kc. 6).

Karya sastra nu dimaksud di luhur nya éta karya sastra dina wangun novél. Novél mangrupa gambaran tina kahirupan jeung paripolah tina jaman ditulisna éta novél (Reeve tina Wellek, 1989, kc. 282). Sanajan novél sipatna imajinatif, tapi novél ogé sok ngagambarkeun kumaha réalita kahirupan saényana nu ditulis dina hiji carita. Tema-tema novél téh bisa muncul dina ragam-ragam pola réalita kahirupan, éta hal téh bisa dipakaitkeun jeung masalah nu aya dina kahirupan sosial di hiji masarakat, contona ayana sikep silih asih, pangalaman hirup, sarta kumaha mibogana jiwa sosial.

Karya sastra dina wangun éta novél bisa dijadikeun bahan ajar nu hadé. Novél bisa jadi bahan bacaan keur siswa pikeun méré pangaruh gedé kana kahirupanana sangkan siswa téh bisa maham jeung ngarti kana paripolah nu kudu dilakukeun jeung nu teu meunang dilakukeun. Pikeun milih bahan ajar anu hadé, Nasution (dina Haerudin jeung Kardana, 2013, kc 77) méré lima kritéria nya éta kudu miboga tujuan nu bisa kahontal, mibanda ajén kahirupan manusa, mibanda ajén warisan budaya ti entran saméméhna, mibanda ajén pikeun ngawasa hiji paélmuan, jeung mibanda mangpaat nu luyu jeung pangabutuh minat siswa.

Matéri pangajaran maca novél aya di kelas 9 (tingkat SMP) semester 1. Éta matéri téh nyuméndér kana Kompetensi Dasar 3.4 nu eusina pikeun ngaidéntifikasi unsur intrinsik dina ringkesan novél rumaja ku cara nengetan fungsi sosial, struktur téks, jeung unsur kabahasaan nu bener. Lian ti éta, ogé luyu Kompetensi Dasar 4.4 nu eusina pikeun ngadéskripsikeun eusi ringkesan novél rumaja, ku cara nengetan fungsi sosial, struktur téks, sarta unsur kabahasaan nu bener sarta kudu luyu kana kontéksna.. Éta hal bisa nunjukkeun yén siswa SMP téh geus diajar wanoh kana

karya sastra nya éta novél. Ku kituna, salasihiji cara pikeun ngawanohkeun siswa SMP kana novél téh nya éta ku ayana program pangajaran maca. Patalina pikeun ngamekarkeun pangajaran maca ka siswa, pangajaran maca téh kalungguhanana kawilang utama. Maca téh mangrupa sokoguru pikeun mekarkeun program séjénna nya éta nulis, ngaregepkeun, jeung nyarita. Nurutkeun Haerudin jeung Kardana (2013, kc 100) novél téh bisa dijadikeun bahan buku ajar pikeun ngahontal mekarna pangajaran maca di sakola SMP.

Novél *Kabandang ku Kuda Lumping* nya éta salasihiji novél sastra Sunda karya Ahmad Bakri nu medal kahijina taun 2002. Novél ieu téh geus medal kana citakan nu ka-5 taun 2017. Ahmad Bakri téh salah sahiji pangarang Sunda nu produktif, geus sababaraha karya nu geus dimuat dina media cetak séjénna. Ahmad Bakri ogé meunang sebutan pangarang favorit, dumasar hasil angkét majalah *Manglé* dina taun 80-an.

Panalungtikan ngeunaan aspék sosial kawilang jarang. Panalungtikan saméméhna nya éta “Struktur jeung Aspék Sosial dina Novél *Béntang Hariring* pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP” ku Hinhin Wahidah taun 2017. Lian ti éta panalungtikan anu medar ngeunaan “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Budak *Ulin di Monumén* Karya Téty Hodijah (Ulikan Objéktif jeung Mimétik)” ku Kurnia Sari taun 2019.

Sok sanajan geus aya nu nalungtik kumpulan struktur jeung aspék sosialna, tapi bédana dina ieu panalungtikan téh nya éta tina tiori anu digunakeun, ogé analisis anu béda. Can aya panalungtikan anu ngaguar novél *Kabandang ku Kuda Lumping* ngaliwatan ulikan stuktural jeung sosiologi sastra, ogé nganalisis aspék sosialna pikeun dijadikeun bahan diajar maca keur di sakola SMP.

Pentingna ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikanyaho unsur-unsur aspék-sosial ngaliwatan ulikan struktural jeung sosiologi sastra dina novél *Kabandang ku Kuda Lumping* karya Ahmad Bakri. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh ka budak ayeuna nu keur néangan jati diri pikeun bisa ngurangan atawa ngaleungitkeun paripolah nu kurang hadé pikeun jadi paripolah nu leuwih hadé. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Aspék Sosial dina Novel *Kabandang ku Kuda Lumping* karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pembelajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, rumusan masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan ngarumuskeun sababaraha masalah dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha unsur struktur dina novél nu judulna *Kabandang ku Kuda Lumping*?
- b. Aspék sosial naon waé nu kapanggih dina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*?
- c. Kumaha larapna novél *Kabandang ku Kuda Lumping* dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMP?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh pikeun nambahan kajian dina widang sastra utamana anu ngulik maké pamarekan struktural anu nyoko kana unsur intrinsik wungkul, ngungkab ma'na sosial nu nyamuni dina kumpulan carita budak nu hayang ditepikeun ka pamaca.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun medar jeung maluruh ngeunaan:

- a. Unsur struktur dina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*.
- b. Aspék sosial dina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*.
- c. Larapna novél *Kabandang ku Kuda Lumping* dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMP.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Praktis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun kamekaran élmu sastra, utamana dina widang sastra jeung deui nambahan pangaweruh dina ngajén karya sastra hususna aspék sosial ngaliwatan ulikan pamarekan struktural jeung pamarekan sosiologi sastra anu nyampak dina novél.

### 1.4.2 Mangpaat Tioritis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Pikeun Panyusun, hasil dina ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan aspék sosial dina ulikan pamarekan struktural jeung pamarekan sosiologi sastra.
- b. Pikeun Guru, hasil dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca novél di Sakola.
- c. Pikeun Siswa, bisa nambahan élmu pangaweruh dina ngaapresiasi karya sastra, hususna aspék sosial anu nyampak dina novél pikeun bisa dijadikeun bahan pangajaran maca.
- d. Pikeun Masarakat, bisa mikanyaho aspék sosial anu nyampak dina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV jeung Bab V.

Bab I. Medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis, sarta raraga tulisan.

Bab II. Ieu bab eusina mangrupa kajian pustaka ngeunaan hal-hal anu patalina jeung wangenan novél, wangenan sosiologi sastra, wangenan nu patalina jeung bahan pangajaran maca novél di smp, panalungtikan saméméhna, sarta raraga tiori.

Bab III. Medar métode panalungtikan nu digunakeun dina panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instumén panalungtikan, sarta analisis data.

Bab IV. Eusina mangrupa analisis data nu patalina jeung rumusan masalah jeung tujuan panalungtikan sarta pedaran hasil analisis nu dipatalikeun jeung tiori.

Bab V. Eusina mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi.